



Pou Piblikasyon Imedya: 13/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PARI ESPÒTIF MOBIL JENERE 909 MILYON DOLA
POU ETA NEW YORK NAN PREMYE ANE OPERASYON AN**

***Resèt fiskal la finanse edikasyon, pwogramasyon espò pou jèn ak sèvis
prevansyon, tretman ak rekiperasyon pou pwoblèm jwèt aza***

***Yo mize plis pase 16 milya dola sou espò nan Eta New York nan premye ane
operasyon an***

Nan okazyon premye anivèsè paryaj espòtif mobil nan Eta New York la, Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Eta te kolekte plis pase 709.2 milyon dola nan taks sou parye sa yo, yon chif ki domine nasyon an. Yo te kolekte tou yon lòt 200 milyon dola nan frè lisans, ki te jenerere yon total plis pase 909 milyon dola nan revni, pifò ladan yo dwe itilize pou edikasyon.

"Nan sèlman yon ane, New York te vin tounen yon lidè nasyonal nan bay divètisman responsab pou plizyè milyon dola pandan y ap pote yon revni ki kraze rekò pou edikasyon, espò jèn yo, ak prevansyon pwoblèm jwèt aza." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen pa ka tann yon lòt ane pou m ofri eksperyans pari espòtif mobil premye plan yo ki jenerere revni pou anrichi lavi Nouyòkè yo atravè eta a."

Prezidan Komisyon Jwèt Eta New York la, Brian O'Dwyer, te deklare, "Gras ak lidèchip Gouvènè Hochul ak pwomilgasyon politik jwèt entèlijan ak responsab, New York kontinye bat rekò nan revni ak paryaj. Pandan n ap antre nan dezyèm ane pari espòtis mobil nan Eta New York, Komisyon Jwèt Aza pral kontinye asire ke paryaj sa yo fèt nan yon fason ki an sekirite epi ki responsab."

Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Depandans (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Eta New York la, Chinazo Cunningham, te deklare, "OASAS apresye patenarya kontinyèl ak Komisyon Jwèt Aza pou edike piblik la sou jwèt aza responsab epi bay resous pou moun ki bezwen yo. Revni adisyonèl ki pwodui a pral ede asire ke nou gen yon sistèm pwogram ak sèvis solid pou adrese bezwen moun, fanmi, ak kominote yo atravè eta a."

Senatè Eta Joseph P. Addabbo Jr. te deklare, "Se te yon rekò remakab ki etabli nan premye ane pou Paryaj Espòtif Mobil nan New York, ak sèlman 9 operatè pwofesyonèl!

Mwen rekonesan dèske m te rejwenn lòt moun nan eta a, pou m te pwopoze yon pwodwi Nouyòkè yo te merite e mwen apresye avantaj enpòtan yo genyen pou ekonomi nou an, anplis finansman pwogram edikasyon, espòtif pou jèn ak pwogram adiksyon. Mwen pa ka tann ke ak yon vizyon optimis ke atravè efò pwofesyonèl Administrasyon Hochul la, Komisyon Gaming la ak kòlèg lejislatif mwen yo, Nouyòkè yo kapab atann pou eta yo kontinye bay pi bon pwodwi parayj espòtif mobil, nan tèren ki trè konpetitif sa a, pou anpil ane k ap vini."

Manm Asanble Gary Pretlow, te deklare, "Paryaj espò mobil te pwodwi 709 milyon dola nan taks nan yon sèl ane sèlman pou pwogram esansyèl tankou Edikasyon, Espò pou Jèn, ak sèvis ki gen rapò ak Pwoblèm Jwèt Aza. Sa a se jis kòmansman an, e mwen pa ka tann pou paryaj espòtif mobil la jenere plis revni pou ane k ap vini yo."

Dapre GeoComply, yon antrepriz lojisyèl pari espòtif yo itilize pou asire egzijans jewolokalizasyon yo, plis pase 3.8 milyon kont jwè inik te kreye depi janvyè 2022, sa ki mennen nan plis pase 1.2 milyon tranzaksyon.

Premye anivèsè yon ane paryaj espòtif mobil nan Eta New York se te dimanch pase ki te 8 janvyè 2023. Jiska 7 janvyè, paryaj total espòtif mobil yo te rive nan 16,595,732,482 dola epi li te pwodwi yon revni total nèt nan edikasyon ki se 709,247,358 dola.

Pou Ane Fiskal 2023 (1e avril 2022 jiska 31 mas 2023) ak chak ane apre, resèt yo ki soti nan pari espòtif mobil pral distribiye konsa: 5 milyon dola pou finans pwogram espò yo pou jèn defavorize yo, 6 milyon dola pou finans edikasyon ak tretman pou pwoblèm jwèt aza ak rès majorite a pou finans èd nan edikasyon.

Chak vandredi, Komisyon Jwèt Aza Eta New York la pibliye rapò pari espòtif mobil chak semèn ki soti an men tout operatè li yo sou entènèt [sou entènèt isit la](#).

Règleman komisyon an egzije operatè yo pou anpeche jwèt aza pou moun ki minè, bay moun k ap parye yo disponiblite pou enpoze limit sou depans, epi bay enfòmasyon sou risk ki asosye ak jwèt aza ak siy pwoblèm jwèt aza. Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk pwoblèm jwèt aza yo oswa ki konnen yon moun ki genyen pwoblèm nan jwèt aza, ka rele liy telefòn gratis ak konfidansyèl Eta a, HOPEline nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè yo voye mesaj tèks bay HOPENY (467369). Nouyòkè yo ka kontakte tou Sant Resous Rejyonal sou Pwoblèm Jwèt Aza nan: <https://nyproblemgambinghelp.org/>.

###